

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana tujuan panalungtikan, ieu panalungtikan téh pikeun ngadéskripsiun hasil pupujian nu aya di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar ngaliwatan ulikan struktural, aspék sosiologi sastra jeung bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP. Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode *déscriptif* kalawan pamarekan kualitatif. Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nyaéta studi pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Ieu panalungtikan salahsiji wangun karya sastra dina wangun puisi nyaéta pupujian. Pupujian nyaéta wangun karya sastra Sunda eusina ngeunaan pépéling, muji ka Gusti Alloh SWT jeung Kanjeng Nabi Muhammad SAW. Pupujian miboga ajén-inajén nu luhur pikeun pituduh hirup masarakat nu aya di alam dunya. Pupujian anu ka kumpul di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang nyaéta aya 37 pupujian di antarana: Nadhom Maulid Nabi, Pépéling Diktul Maot, Pirang-pirang Pasejaan dina Nyiar Ilmu, Kautamaan Sholat Berjama'ah, Nadhoman Rundayan Nabi Muhammad Saw, Opat Warnaning Kufur ka Alloh Swt, Nadhoman Pépéling, Ciri Jalma Bakal Bagja, Pertélaan Tujuh Golongan Jalmi anu Kénging Iyuh-iyuhan Arasyna Alloh Swt, Sapuluh Rupa Ma'nana Cinta urang ka Alloh Swt, jeung Jeritan Hati Nurani Hamba nu Prihatin. Istajib ya Alloh Du'ana, Pasal Mertélakeun nu Ngabatalkeun Sholat, Pasal anu Ngawajibkeun kana Adus, Pasal Mertélakeun Paharaman ka Jalma boga Hadats Leutik Hadats Gedé, Pasal Mertélakeun Sarat Sah Sholat, Pasal Mertélakeun Hadats, Pasal Mertélakeun Aurot, Pasal Mertélakeun Sarat Wajib Sholat, Niat Ngaos, Nadhom Rukun Islam, Éling-éling Dulur Kabéh, Hirup di Dunya ukur Ngumbara, jeung Pasal Mertélakeun Haidh jeung Nifas. Pépéling, Tumut ka Ibu Rama, Adab Gugah dina Kulem, Daék digawé, Sholawat, Adab Kaluar ti Bumi, Du'a Bulan Rajab, Ngajak pikeun Éling, Sobar, Tujuan Milari Élmu, Resep ka Alloh, Resep ka Nabi, jeung Sholat Lima Waktu, anu dicangking ti tilu narasumber.

Tina 37 anu kakumpul, ditangtukeun 14 pupujian di antarana: 1) Nadoman Pépéling; 2) Kautamaan Sholat Berjama'ah; 3) Adab Kaluar ti Bumi; 4) Do'a Bulan Rajab; 5) Ngajak pikeun Éling; 6) Daék digawé; 7) Tujuan Milari Élmu; 8) Resep ka Alloh; 9) Pasal Mertélakeun Syarat Sah Sholat; 10) Pasal Mertélakeun Aurot; 11) Pasal anu Ngabatalkeun kana Sholat; 12) Pasal Mertélakeun Haidh jeung Nifas; 13) Pasal anu Ngawajibkeun kana Adus; jeung 14) Pasal Mertélakeun Paharaman ka Jalma boga Hadats Leutik Hadats Gedé, pikeun dianalisis dumasar kana ulikan struktural jeung aspek sosiologi sastra. Ulikan struktural ngawengku struktur lahir (jumlah pada, jumlah padalisan, jumlah engang, purwakanti, jeung gaya basa) jeung struktur batin (eusi, téma, nada, rasa, jeung amanat), sedengkeun sosiologi sastra ngawengku kana tilu aspek nyaéta (1) sosiologi pangarang, medar tina hasil ngumpulkeun data ti tilu narasumber; (2) sosiologi karya, nyaéta aspek tina lingkungan masarakat jeung aspek sosial, sedengkeun (3) sosiologi nu maca, maluruh kana Sawangan masarakat nu kungsi maca jeung nganadomkeun pupujian.

Sabada dianalisis, pupujian nu kapanggih di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang bisa dirumuskeun kacindekan saperti ieu di handap.

- 1) Struktur Lahir Pupujian (jumlah engang, jumlah padalisan, jumlah pada, purwakanti, jeung gaya basa). Jumlah engang nu kapaluruh mangrupa jumlah engang dina saban padalisan. Jumlah engang dina unggal padalisan téh teu tangtu aya nu 5, 6, 7, 8, 9, 10, 11, 12, 13, 14, 15, jeung 16. Sedengkeun jumlah padalisan anu kapanggih tina 14 pupujian nu dianalisis nyaéta aya nu diwangun ku opat padalisan, aya nu dua padalisan jeung tilu padalisan. Aya ogé wangun pupujian mangrupa wangun sa'ir nu jumlahna aya 6. Jumlah pada anu kapanggih tina 14 pupujian nu dianalisis aya nu diwangun ku 3 pada, 5 pada, 7 pada, 8 pada, 9 pada, jeung 21 pada. Purwakanti nu mindeng digunakeun dina pupujian nyaéta laraswekas jeung larasmadya anu masing-masing jumlahna aya 14 laraswekas jeung 11 larasmadya. Ari gaya basa nu dipaké dina pupujian nu dianalisis téh jumlahna aya 5, nyaéta gaya basa rarahulan, silib, kadalon, mijalma, jeung ocon.

- 2) Struktur Batin Pupujian (eusi, téma, rasa, nada, jeung amanat). Tina 14 pupujian anu dianalisis, lolobana eusina mangrupa pépéling dina ngalaksanakeun perkara amal nu hadé. Téma nu nyangkuruk dina pupujian nu dianalisis téh lolobana ngeunaan babagan perkara kaagamaan pikeun hirup di alam dunya, jeung ahérat. Rasa nu kagambar lolobana rasa kanyaah, pépéling sangkan bisa jadi jalma nu mangpaat dina ngalaksanakeun paréntahna. Nada nu dipaké pangarang dina pupujian nu dianalisis nyaéta nada umajak ngalakonan amalan anu hadé ngajauhkeun larangana. Ari amanat nu hayang ditepikeun pangarang nyaéta sangkan nu maca atawa nu ngaregepkeun, bisa ngalaksanakeun tur ngalarapkeun pituduh atawa paréntah anu aya dina eusi rumpaka pupujian.

Lian ti nganalisis struktur lahir jeung struktur batin, panalungtik ogé nganalisis ngeunaan aspék sosiologi sastra nu katitén tina pupujian nu aya di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang. Aya tilu aspék nu kaguar nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Dumasar kana sosiologi pangarang pikeun dina pupujian teu pati kapaluruuh pangarangna. Ku sabab pupujian salasahiji karya sastra wangun puisi nu aya di tatar Sunda Pupujian raket patalina jeung asupna Islam ka tatar Sunda. Anu bisa dipastikeun yén di tatar Sunda sabada urang Sunda ngagem agama Islam. Jadi, pupujian mekar sacara lisan turun temurun warisan ti kolot baheula nepi ka ayeuna nu masih maca jeung nganadomkeun éta pupujian.
- 2) Dumasar kana sosiologi karya sastra nu katitén tina pupujian nu aya di Désa Sukatani aya dua aspék anu kaguarna, nyaéta: aspék agama jeung aspék lingkungan masarakatna. Aspék-aspék di luhur mangaruhan pisan kana paripolah jeung kahirupan masarakatna. Hususna dina masalah kaimanan sangkan bisa ngajauhan larangan ogé ngalaksanakeun paréntah Alloh Swt dina jalan kahadéan.
- 3) Sedengkeun nu kaguar tina sosiologi nu maca, kacatet meunang lima Sawangan nyaéta ti Ibu Dewi salaku wawakil ibu-ibu pangaosan, Bapa Emen salaku wawakil ti ahli masjid, Niko Nurfalah wawakil ti barudak ngaji, Shinta Sri Rahayu salaku wawakil karang taruna, Isnawati Nur Widya salaku

perwakilan mahasiswa. Jadi, cindekna hasil tina wawancara ti lima narasumber yén pupujian masih kénéh aya nu maca ogé nganadomkeun. Hanjakal teu saramé siga baheula aya di unggal masjid, lantaran aya pangaruhna tina kasang tukang masarakatna ditilik tina kamekaran jaman nu geus mopohokeun kana budaya nu aya di tatar Sunda hususna pupujian. Salasahiji tarékah pikeun ngamumulé ieu pupujian ku dilarapkeun ngaliwatan sakola, ogé di pasantréns-pasantréns dina pangajaran Basa Sunda. Ku kituna, masih kénéh aya tatapakanana pikeun dilarapkeun ka barudak jaman ayeuna.

Dumasar kana hasil panalungtikan pupujian nu aya di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang bisa dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP/MTs kelas VII ku sabab luyu jeung kritéria milih bahan ajar anu geus didadarkeun dina bab II. Nurutkeun Nasution (dina Haerudin jeung Kardana, 2013, kc.77) nangtukeun kritéria bahan pangajaran téh aya lima, nyaéta: (1) tujuan anu kahontal, (2) dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa, (3) dianggap mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna, (4) guna pikeun ngawasa hiji paélmuan, jeung (5) luyu jeung kabutuh katut minat murid.

5.2 Implikasi

Panalungtikan ngeunaan karya sastra Sunda dina wangun pupujian anu dilaksanakeun ku panalungtik, miboga mangpaat anu kacida pentingna. Ku ayana panalungtikan, masarakat bisa nyangkem ajén-inajén anu ditepikeun ku pangarang pupujian. dumasar kana éta hal, aya sababaraha rékomendasi anu perlu ditepikeun sangkan pangaweruh dina kahirupan sapopoé bisa nambahna. Ieu di handap mangrupa sababaraha rékomendasi anu perlu ditepikeun.

Kahiji, pikeun guru, dina milih bahan pangajaran Basa Sunda anu rék ditepikeun ka siswa kudu *variantif*. Guru kudu bisa *kreatif* dina ngamekarkeun bahan pangajaran sangkan siswa teu bosen diajar. Leuwih hadé nepikeun bahan pangajaran anu nyata, sangkan siswa leuwih babari maham jeung nyangkem kana karya sastra, sarta budaya Sunda anu sabudeureunana.

Kadua, pikeun siswa, siswa SMP/MTs kelas VII anu diajar ngeunaan pupujian, sakuduna wanoh jeung maham kana matéri pupujian. Ku kituna, diperlukeun tarékah dina neuleuman informasi atawa référensi ngeunaan pupujian sacara leuwih teleb, sangkan ajé ajén-inajén pupujian anu diajarkeun di sakola bisa kacangking ku siswa.

Katilu, pikeun panalungtik satuluyna, ieu panalungtikan dipuseurkeun kana analisis struktural nu ngawengku kana stuktur lahir jeung struktur batin, sarta analisis dina aspék sosiologi sastra pupujian nu aya di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sunmedang. Ku kituna, perlu dilakukeun panalungtikan anu leuwih teleb. Leuwih hadé saupama bisa nalungtik wirahma tina unggal padalisan, sarta bisa nyieun média anu leuwih *relevan* pikeun média pangajaran di sakola sangkan siswa resep diajar pupujian.

5.3 Rékomendasi

Sabada panalungtikan ngeunaan pupujian dumasar kana ulikan struktural jeung sosiologi sastra nu dilaksanakeun di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang, panalungtik ngarasa perlu nepikeun sababaraha rékomendasi pikeun pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, sangkan leuwih gemet deui nalungtik perkara struktur nu aya dina pupujian jeung sosiologi sastra.

Kahiji, dipiharep bisa ngajembaran perkara sumber-sumber paélmuan nu bisa méré mangpaat nu leuwih pikeun jalma réa. *Kadua*, ieu panalungtikan téh masih kénéh aya kakurangannana, pikeun panalungtik saterusna dipiharep bisa leuwih neuleuman deui atawa leuwih maham ngeunaan élmu struktural jeung sosiologi sastra hususna dina aspék sosial sarta patalikeun deui leuwih jero jeung kaayaan nu nyampak dina kahirupan budak jaman kiwari ogé masarakatna.